

# Konsantman eklere Pou fè tès pou VIH

---

Tès pou VIH se yon bagay ki volontè. Ou ka retire konsantman w a nenpòt moman, ou nèke bezwen enfòmè moun k ap ba w swen an. Tanpri li Pati A ak Pati B nan fòm sa a, epi siyen anba fòm Pati B a, si w konprann enfòmasyon ki nan ti bwochi sa a epi ou vle fè tès pou VIH la.

Enfeksyon VIH se yon pwoblèm medikal grav. Depatman Lasante Leta Nouyòk rekòmande pou moun fè tès pou VIH. Pou fanm ansent, Depatman an rekòmande tès pou VIH bonè nan gwosès la epi ankò pita nan gwosès la.

Eksepte pou tès rapid pou VIH nan inite akouchman yo, fòm sa a ranplase lòt fòm konsantman pou VIH apati 1ye jen 2005.

NOTE : fòm sa a fèt pou itilize ansanm ak fòm DOH-2556, Pati B.



## VIH se viris ki koze maladi SIDA a.

---

- VIH pase de yon moun a yon lòt pandan sèks san pwoteksyon (sèks vajinal, anal, oral san yon kapòt) avèk yon moun ki gen VIH.
- VIH pase atravè kontak ak san tankou lè moun pataje zegui (lè w pèse kò w, ou fè tatou oswa ou enjekte nenpòt kalite dwòg) oswa utilize menm materyèl pou pran dwòg ak yon moun ki genyen VIH.

## Sèl fason pou konnen si w gen VIH se lè w fè yon tès.

---

- Tès pou VIH yo san danje. Yo kolekte yon espesimèn oswa plis (san, likid ki sot nan bouch, pipi).
- Konseye w lan oswa doktè w lan pral eksplike rezilta tès ou an ansanm ak nenpòt lòt tès ou ka bezwen.

## Tès VIH ou pral fè jodi a enkli:

---

- Yon tès pou wè si w fè enfeksyon VIH (yon tès antikò oswa yon tès pou viris lan) :
- Si w teste pozitif pou VIH, yo ka fè lòt tès pou :
  - ede doktè w lan deside meyè tretman pou ou.
  - ede depatman sante avèk pwogram prevansyon kont VIH.

## Plizyè opsyon pou fè tès la disponib.

---

- Ou ka chwazi pou fè yon tès konfidansyèl kote rezilta a vin fè pati dosye medikal ou epi yo ka bay moun k ap baw swen medikal la enfòmasyon sa a pou ka resevwa sèvis pou VIH ansanm ak lòt sèvis medikal, oswa
- Ou ka chwazi pou fè yon tès anonim, sa vle di ou pa bay non w epi yo pa kenbe ankenn enfòmasyon sou rezilta tès la. Si tès anonim ou an pozitif pou VIH, ou ka chwazi pou bay non w aprè sa, konsa ou ka resevwa swen medikal pi rapidman.
- Pou resevwa plis enfòmasyon konsènan opsyon ou genyen pou fè tès la ak ki kote pou fè fè tès la gratis oswa de fason anonim, mande konseye/doktè w lan sa oswa rele 1-800-541-AIDS.

## Tès pou VIH se yon bagay ki enpòtan pou sante w.

---

- Si rezilta tès ou an negatif, ou ka aprann fason pou pwoteje tèt ou pou pa vin enfekte alavani.
- Si rezilta tès ou an pozitif :
  - Ou ka pran dèmezi pou pa transmèt viris la bay lòt moun.
  - Ou ka resevwa tretman pou VIH epi aprann konsènan fason pou rete ansante. Kòm yon pati nan tretman an, yo pral fè plis tès pou detèmine meyè tretman pou ou. Tès sa yo ka enkli tès chaj viral ak rezistans viral.

## Tès pou VIH enpòtan espesyalman pou fanm ansent.

---

- Yon manman ki enfekte ka transmèt VIH bay pitit li pandan gwosès lan oswa pandan akouchman an oswa lè l ap ba l tete.
- Li miyò anpil pou konnen estati VIH ou anvan ou tonbe ansent oswa bonè nan gwosès la konsa ou ka pran desizyon enpòtan konsènan pwòp sante w ak sante tibebe w lan.
- Si w ansent epi ou gen VIH, gen tretman ki disponib pou sante paw epi pou anpeche w transmèt VIH bay tibebe w lan. Si w genyen VIH epi ou pa chèche tretman, chans pou transmèt VIH bay pitit ou an se youn sou kat. Si w chèche tretman, chans pou transmèt VIH bay tibebe w lan pi ba.
- Si w pa fè tès lan pandan gwosès lan, moun k ap baw swen an pral rekòmande pou fè tès lan lè w nan tranche. Nan tout ka yo, yo pral teste tibebe w lan aprè l fin fèt. Si tibebe w lan teste pozitif, sa vle di ou gen VIH epi tibebe w lan te ekspoze a viris lan.

## Si w teste pozitif :

---

### Lwa leta pwoteje konfidansyalite rezilta tès ou yo epi li pwoteje w kont diskriminasyon ki baze sou estati HIV ou an.

- Nan prèske tout ka yo, yo pral mande w pou bay konsantman pa ekri anvan yo ka pataje rezilta tès la.
- Yo ka pataje enfòmasyon sou VIH ou a bay moun k ap ba w swen oswa moun k ap bay pitit ou an swen ; ofisyèl medikal yo lè lalwa mande sa ; bay konpayi asiran yo pou yo ka peye ; pou moun ki enplike nan swen nan mezon dakèy oswa adopsyon ; pèsònèl nan depatman koreksyonèl, pwobasyon oswa libète kondisyonèl ; pèsònèl kadrijans oswa medikal ki aksidantèlman ekpoze ak san w ; oswa lòd yon tribinal espesyal.
- Yo rapòte non moun ki gen VIH bay Depatman Lasante Leta a pou siveye epidemi an epi pou planifye sèvis yo.
- Liy asistans telefonik pou konfidansyalite VIH nan 1-800-962-5065 ka reponn kesyon ou genyen epi ede w avèk pwoblèm konfidansyalite.
- Divizyon Dwa Delòm Leta Nouyòk lan nan 1-800-523-2437 ka ede w si w panse moun te fè diskriminasyon kont ou akòz estati VIH ou an.

### Konseye/doktè w lan pral pale avèk ou pou ka avize patnè sèks ou patnè ki pataje zegwi avèk ou sou posiblite yo ka te ekspoze a VIH.

- Patnè w yo bezwen konnen yo ka te ekspoze a VIH konsa yo ka fè tès epi chèche tretman si yo genyen VIH.
- Si moun ki baw swen medikal la konnen non mari/madanm ou oswa yon lòt patnè ou genyen, li dwe rapòte non a bay depatman lasante a.
- Konseye nan depatman sante yo ka avize patnè w yo san yo pa janm mansyone non w.
- Pou asire sekirite w, konseye w oswa doktè w lan pral poze w kèk kesyon konsènan risk vyolans famiyal pou chak patnè yo pral avize.
- Si genyen ankenn risk, depatman lasante a pral avize patnè yo toutsuit epi yo pral ede w jwenn èd.

# Nimewo telefòn enpòtan

---

## Liy asistans telefonik VIH/SIDA pou Leta Nouyòk (gratis)

Rele liy asistans lan pou enfòmasyon konsènan VIH ak SIDA epi pou jwenn ki kote y ap fè tès pou VIH

- 1-800-541-AIDS (2437) • Anglè
- 1-800-233-SIDA (7432) • Panyòl

## Liy enfòmasyon VIH/SIDA Leta Nouyòk pou moun ki pa tande byen

- 1-212-925-9560

Pou apèl vokal itilize sistèm relè NY lan :

- 711 oswa 1-800-421-1220 epi mande operatè a pou: 1-212-925-9560

## Liy asistans telefonik pou konsèy pwofesyonèl Leta Nouyòk

- 1-800-872-2777

## Pwogram NYSDOH pou konsèy ak tès anonim

Pou enfòmasyon sou VIH, referans, oswa enfòmasyon sou fason pou fè yon tès pou VIH ki gratis epi anonim, rele Pwogram pou Konsèy ak Tès pou VIH Anonim lan.

- Albany Region 1-800-962-5065
- Buffalo Region 1-800-962-5064
- Nassau Region 1-800-462-6785
- New Rochelle Region 1-800-828-0064
- Queens Region 1-800-462-6785
- Rochester Region 1-800-962-5063
- Suffolk Region 1-800-462-6786
- Syracuse Region 1-800-562-9423

**Liy asistans telefonik pou VIH/SIDA NYCDOHMH: 1-800-TALK-HIV (1-800-825-5448)**

**Pwogram Asistans Patnè Leta Nouyòk: 1-800-541-AIDS**

**Pwogram Asistans pou Notifikasyon Kontak Vil Nouyòk: 1-212-693-1419**

## Konfidansyalite

- Liy asistans pou konfidansyalite Leta Nouyòk 1-800-962-5065
- Sant pou Aksyon Legal 1-212-243-1313 oswa 1-800-223-4044

## Dwa delòm/Diskriminasyon

- Divizyon dwa delòm Leta Nouyòk 1-800-523-2437
- Komisyon sou dwa delòm Vil Nouyòk 1-212-306-7500

Moun ki banm swen medikal la te reponn tout kesyon mwen genyen konsènan tès pou VIH epi li te ban mwen enfòmasyon alekri avèk detay sa yo konsènan tès pou VIH:



- VIH se viris ki koze maladi SIDA.
- Sèl fason pou konnen si w genyen VIH se si ou fè yon tès.
- Tès pou VIH enpòtan pou sante w, espesyalman pou fanm ansent.
- Fè tès pou VIH se yon bagay ki volontè. Ou ka retire konsantman w nenpòt lè.
- Gen plizyè opsyon ki disponib lè w ap fè tès la, pa egzanp ou ka fè l de fason anonim oswa konfidansyèl.
- Lalwa eta a pwoteje konfidansyalite rezilta tès yo epitou li pwoteje moun k ap fè tès yo kont diskriminasyon ki baze sou estati VIH.
- Moun ki banm swen medikal la pral pale avèk mwen konsènan nesosite pou l avize patnè sèksyèl mwen yo oswa patnè ki pataje zegui avèk mwen yo sou posiblite yo ka ekspoze, si tès la ta pozitif.

Mwen dakò pou m fè tès pou dyagnostik enfeksyon VIH. Si tès la revele mwen gen VIH, mwen dakò pou m fè lòt tès, epi yo ka fè tès sa yo sou echantiyon san mwen bay jodi a pou yo ka detèmine meyè tretman pou mwen epi pou yo ede m jwenn pwogram pou prevansyon kont VIH. Epitou mwen dakò pou m fè lòt tès alavni pou tretman mwen. Mwen konprann mwen ka retire konsantman mwen pou lòt tès ki pral fèt yo alavni a nenpòt moman.

### **Pou fanm ansent sèlman:**

Anplis de tès ki dekri anwo a, mwen otorize moun k ap banm swen medikal la pou l refè tès pou dyagnostik (dekouvri si mwen genyen) VIH la pita pandan gwosès sa a. Mwen konprann moun k ap banm swen medikal la pral diskite tès sa a avèk mwen anvan yo refè tès la epi yo pral banmwen rezilta tès la. Konsantman mwen bay pou yo refè tès pou dyagnostik VIH la se pandan gwosès sa a sèlman epi mwen ka retire konsantman mwen a nenpòt moman.

Siyati : \_\_\_\_\_ Dat: \_\_\_\_\_  
(Moun k ap fè tès la oswa reprezantan ki otorize legalman)

Si se yon reprezantan legal ki siyen, endike relasyon li genyen ak moun k ap fè tès la : \_\_\_\_\_

Ekri non an nan karaktè enprimri : \_\_\_\_\_

No. Dosye medikal la: \_\_\_\_\_

Eksepte pou tès rapid pou VIH nan inite akouchman yo, fòm sa a ranplase lòt fòm konsantman pou VIH apati 1ye jen 2005.

**NOTE :** fòm sa a fèt pou itilize ansanm ak fòm DOH-2556i, Pati A.